



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

METWO KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KRIMINALITE NAN METWO A TONBE NAN NIVO ISTORIK ETE SA A

Gwo krim pandan ete a desann prèske 17 pousan konpare ak 2019, nan nivo ki pi ba nan yon jenerasyon; agresyon kriminèl desann 21 pousan depi 2024

Kantite pasaje yo te ogmante rive nan pik apre pandemi an pou 2025, prèske 9 pousan anplis depi 2024

Dis ekip SCOUT kounye a an plas nan tout sistèm transpò a pou bay repons sante mantal ki dirije pa klinisyen yo

MTA sou bon chemen pou enstale limyè LED nan chak estasyon metwo ak baryè platfòm nan 100 estasyon disi fen 2025 la

Gouvènè Hochul anonse jodi a ke krim nan metwo a te desann nan nivo ki pi istorik ete sa a. An jeneral, krim nan transpò piblik soti 1e jen rive 31 out te bese prèske 10 pousan parapò ak 2024 ak 16.8 pousan parapò ak ete 2019 la. Depi nan kòmansman ane a, krim nan transpò piblik la rive nan yon nivo ki pi ba pase tout lòt yo, alòske kantite pasaje nan metwo a ogmante a 9 pousan, ak plis pase 311 milyon vwayaj ki fèt pandan mwa ete yo. Agresyon kriminèl nan transpò piblik yo te bese chak mwa ete sa a konpare ak 2024. Ansanm, mwa jen, jiyè ak out te gen 119 agresyon kriminèl — konpare ak 150 ane pase — yon rediksyon 21 pousan. Te gen 0.38 agresyon pou chak milyon pasaje metwo ant 1e jen ak 31 out. Si nou konsidere ogmantasyon nan kantite pasaje yo, te gen 1.59 gwo krim pou chak milyon vwayaj nan tren metwo ete sa a, yon bès 30 pousan parapò ak 2022 e ki konfòm ak nivo ki pi ba yo te ye anvan pandemi an.

"Lè m te antre an fonksyon an, mwen te pwomèt pou m diminye krim nan metwo a epi kenbe l ba. Avèk envestisman estratejik nan sekirite piblik ak entèvansyon sible, krim atravè sistèm metwo nou an ofisyèlman rive nan nivo ki pi ba pase tout tan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout Nouyòkè merite santi yo an sekirite nan transpò piblik — epi mwen angaje m pou m kontinye investè pou fè tren metwo ak lari nou yo an sekirite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Metwo a pi an sekirite jodi a pase anvan pandemi an e nou tout konnen poukisa: plis polisye, plis kamera sekirite, ak plis sansibilizasyon sou sante mantal. Entèvansyon sa yo ak lòt

ankò — finanse ak sipòte pa Gouvènè Hochul — mete nou sou bon chemen pou yon twazyèm ane konsekitif kote krim ap bese."

Selon estatistik NYPD yo, jiyè ak out te mwa ki patikilyèman an sekirite, ak nouvo done ki konfime tou de te jiyè ak out ki pi an sekirite nan listwa. An jeneral, krim nan transpò piblik te bese 22.8 pousan nan mwa out sa a konpare ak 2024, epi agresyon kriminèl te bese 40.4 pousan konpare ak ane pase. Vòl yo te bese 34 pousan nan sistèm metwo a nan mwa out konpare ak 2024.

Rediksyon istorik sa a nan krim rive apre yon seri investisman nan sekirite metwo a ki te dirije pa Gouvènè Hochul. Nan mwa janvye, Gouvènè Hochul te mete 77 milyon dola nan finansman eta pou sipòte yon kolaborasyon san parèy ak NYPD pou deplwaye ofisye abò tren metwo yo pandan lannwit. Deplwaman sa a bay pasaje yo lapè nan lespri epi li dekouraje moun ki ta komèt krim nan sistèm nan pandan lannwit. Pandan deplwaman sa a, de ofisye NYPD ap patwouye yon tren metwo, y ap deplase soti nan yon machin al nan yon lòt pandan vwayaj tren an.

Te gen pwogrè tou ki fèt pou reponn ak pwoblèm sante mantal nan metwo a. Ekip Sansibilizasyon pou Repons Konjwen nan Metwo (Subway Co-Response Outreach Teams, SCOUT) mete klinisyen sante mantal ak ofisye lapolis MTA yo an pè, pou bay yon apwòch dirije pa klinisyen pou moun ki gen bezwen sante mantal grav nan metwo a. Jiska prezan, ekip SCOUT yo te fè plis pase 750 referans ki soti nan sistèm metwo a, epi ansanm, pasyan sa yo te pase plis pase 2,000 nwit nan tretman, pou jwenn èd yo bezwen an. Sou direksyon Gouvènè Hochul, MTA a gen 10 ekip SCOUT ki fonksyone nèt, epi sèvis yo disponib nan tout sistèm metwo a nan Bronx, Brooklyn, Queens ak Manhattan.

Investisman nan sekirite transpò piblik ki fèt anba lidèchip Gouvènè Hochul la gen ladan yo:

- Bay 77 milyon dola pou asosye avèk NYPD pou deplwaye ofisye nan chak tren lannwit.
- 20 milyon dola pou finanse nèt 10 ekip Sansibilizasyon pou Repons Konjwen nan Metwo (SCOUT) nan metwo a pou bay yon repons ki akse sou klinisyen yo lè y ap fè fas ak pwoblèm sante mantal nan metwo a.
- Yo mete 32,000 kamera sekirite nan sistèm metwo Vil Nouyòk la — ki gen ladan plis pase 17,000 sou tout 6,000 wagon metwo yo sou enstriksyon Gouvènè Hochul — ak plis pase 15,000 nan estasyon metwo yo.
- Yo ajoute nouvo baryè platfòm nan 74 estasyon metwo, epi MTA a sou wout pou l gen 100 nan fen 2025 la.
- Enstale limyè LED ki pi klere nan plis pase 300 estasyon metwo, sou wout pou tout 472 nan fen 2025.
- Etabli de Inite Soti nan Tranzisyon rive nan Kay (Transition to Home Units, THU) nan Sant Sikyatrik Manhattan, sa ki kreye 50 kabann pou sipòte moun ki sanzabri ki gen maladi mantal grav.

- Amelyore Kowòdinasyon Ant Lapolis ak Pwokirè Distri yo atravè yon nouvo Defansè Jistis Kriminèl MTA.
- Yo enstale kamera nan kabin kondiktè nan metwo yo pou pwoteje anlwaye MTA yo. Jiska prezan, MTA a enstale kamera nan plis pase 1,100 kabin kondiktè.

Ofisye Sekirite Anchèf MTA a, Michael Kemper, te deklare, "Ogmantasyon nan kantite pasaje ak diminisyon nan krim se yon trè bon nouvèl pou pasaje MTA yo, ki toujou mete sekirite nan metwo a kòm premye enkyetid yo. Nou rete konsantre epi n ap kontinye travay avèk NYPD a ansanm ak patnè lapolis nou yo pou asire tandans desandan sa a kontinye."

Prezidan Transpò Piblik NYC, Demetrius Crichlow te deklare, "Sekirite pasaje ak anlwaye yo nan sistèm transpò a toujou rete yon priyorite pou NYC Transit e gras a envestisman Gouvènè Hochul ak patnè fòs lòd yo, n ap respekte angajman sa a. Avèk ogmantasyon pasaje yo, pèfòmans istorik nan ponktyalite, ak diminisyon nan estatistik krim ete sa a, pasaje yo ka asire yo ke y ap fè vwayaj an sekirite, efikas e fyab nan metwo a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)